

Aplikasyon yo disponib nan lokal sila yo:

Miami-Dade County Herbert S. Saffir
Permitting and Inspection Center
11805 S.W. 26th Street
Miami, Florida 33175

Stephen P. Clark Center
Zoning Information Section
111 N.W. 1st Street, 12th Floor
Miami, Florida 33128

Nou kapab fakse aplikasyon yo nan (786)
315-2927. Pou plis enfòmasyon vizite sitwèb
nou nan <http://www.miamidade.gov/planzone>
oswa rele (786) 315-2660.



Delivering Excellence Every Day

Carlos Alvarez
MAYOR

Board of County Commissioners

Dennis C. Moss
CHAIRMAN

Jose "Pepe" Diaz
VICE-CHAIRMAN

Barbara J. Jordan
DISTRICT 1

Dorrin D. Rolle
DISTRICT 2

Audrey M. Edmonson
DISTRICT 3

Sally A. Heyman
DISTRICT 4

Bruno A. Barreiro
DISTRICT 5

Rebeca Sosa
DISTRICT 6

Carlos A. Gimenez
DISTRICT 7

Katy Sorenson
DISTRICT 8

Dennis C. Moss
DISTRICT 9

Senator Javier D. Souto
DISTRICT 10

Joe A. Martinez
DISTRICT 11

Jose "Pepe" Diaz
DISTRICT 12

Natacha Seijas
DISTRICT 13

Harvey Ruvin
CLERK OF COURTS

George M. Burgess
COUNTY MANAGER

R. A. Cuevas, Jr.
COUNTY ATTORNEY

Marc C. LaFerrier, A.I.C.P.
DIRECTOR

Konte Miami-Dade bay aksè ak opòtinite anplwa ak sèvis egal-ego epi li pa fè diskriminasyon kont moun enfim.

SÈVIS
ENSPEKSYON AVAN-ACHA



Acha, Vant oswa Refinansman yon kay?

Gade kouman depatman
Planifikasyon ak Ibanizasyon Konte
Miami-Dade kapab ede w ekonomize
TAN ak LAJAN!

Chè Fiti Pwopriyete:

Nou vle ede pou eksperyans achte kay w an
tounen yon bèl eksperyans. Depatman an,
nan bay yon sèvis enspeksyon ibanizasyon
avan-acha, swete atire atansyon w sou
nenpòt pwoblèm ibanizasyon nouvo kay w an
ta kapab manke genyen.

Depliyen sa a ba w yon lis de kèlke pwen ke
enspektè ibanizasyon an pral kouvri nan
rapò enspektè ibanizasyon an. Anplwaye nou
yo gen yon konesans ak ekspètiz pou asire
ke mezon derèw w an oswa pwopriyete wap
envesti ladan liyan pa tounen yon kochma
pou w.

Depatman an kwè ke enfòmasyon yap pral
ba w yo vreman pral ede w nan reyalize yon
bèl eksperyans nan mouvman achte kay w
an.

Senòman,
Depatman Planifikasyon ak Ibanizasyon

*Enspektè ibanizasyon nou yo pral detèmine:
Ki chwa nou genyen*

Sèvis sa a vandè an kap sèvi ak li, ni achtè an ak tout pwofesyonèl imobilye

Ki opsyon w si nou jwenn yon enfraksyon ibanizasyon?

- ▶ Ibanizasyon pwopriyete an epi si gen yen chanjman oswa rezolisyon iben aplikab a pwopriyete an
- ▶ kantite apatman/kay pwopriyete an gen dwa genyen
- ▶ si premye kay la byen plase dapre règleman yo
- ▶ si depandans yo byen plase dapre règleman yo
- ▶ si tout dimansyon espas nesèsè ant imèb yo respekte dapre règleman yo
- ▶ si wotè mi, kloti ak antouraj yo respekte dapre règleman yo
- ▶ si genyen ankenn sèvis ak batiman an ki pa kodjòm sou pwopriyete an
- ▶ si genyen espas pou bato oswa machin lwazi w an gen plas nesèsè
- ▶ si pa genyen ankenn pèmi ki poko jwenn apwobasyon final enspeksyon
- ▶ si genyen ankenn restriksyon kadas
- ▶ si gendwa ajoute yon sal lwazi oswa yon biwo nan kay la

Proteje Investisman w!

Proteje investisman ak ekonomi w jis fè Depatman Planifikasyon ak Ibanizasyon enspekte kay w oswa diplèks w an pou asire ke li byen an òd dapre lwa ak règleman ibanizasyon yo pou asire ke w byen achte, vann oswa refinance.

VANDÈ AN:

Fè potansyèl achtè w an kèkal annik ofri li yon "Rapò Enspektè Ibanizasyon" okonplè sa pral mete diplis valè sou pwopriyete w an paske sa va demontre bòn volonte w pou w swiv règleman nesèsè etabli sou ibanizasyon. Depi pwopriyete w an an òd, rapò sa a pral fè li pi atiran paske li va retire yon chay sou do achtè an. Epi si li pa ta an òd, pa dekouraje. W pral genyen yon chans pou w jwenn solisyon pou korije nenpòt nan pwoblèm yo, negosye yo ak achtè epi pare pou pran nenpòt desizyon nesèsè.

ACHTÈ:

Si w se achtè an, sèvis sa a nan kote w kanpe an se yon atou pou w. "Rapò Enspektè Ibanizasyon" an pral ba w kèkal w bezwen an ki pou demontre w ke pwopriyete w pral achte an byen an òd dapre tout règleman ibanizasyon etabli pa Konte Miami-Dade. Epi, si pa chans li pa an òd, w genyen divès chwa ki menm enkli fason pou korije yo nan lavni.

PWOFESYONÈL IMOBILYE YO:

Ke w se yon ajan imobilye, avoka dwa imobilye oswa nenpòt pwofesyon ki travay nan domèn imobilye, rapò ibanizasyon sa a se yon atou pou w. W pral kapab bay kliyan w yo bon jan enfòmasyon epi ede yo ekonomize ak pwoteje investisman yo. Jis kite anplwaye nou yo travay pou w epi sa pral ba w plis tan lib pou okipe kliyan w yo nan lòt domèn..

Sèvis nou Poko Fini!

Yon fwa ke w jwenn rapò an, sèvis nou poko fini. Anplwaye nou yo pral chita repase rapò an avèk w epi reponn nan kesyon oswa kontrayete w ta genyen sou li.

Si yo jwenn ankenn enfraksyon sou pwopriyete an, anplwaye nou yo va repase chak avèk w epi gide w pou jwenn solisyon posib pou ede regle pwoblèm la.

Sèvis Enspeksyon Avan-Acha Depatman Planifikasyon ak Ibanizasyon pa la pou ranfòse lalwa men pito yon zouti pou ede w ekonomize tan ak lajan w.